

Sa Ou Dwe Konnen Konsènan Prè “Achte Kounye a, Peye Apre” yo

Je ou konn tonbe sou opsyon peman “Achte Kounye a, Peye Apre” oswa “Peye an 4 Tranch” yo nan magazen oswa anliy, men ou pa konn sa yo vle di? Yo se opsyon prè lajan akoutèm ki pèmèt ou peye yon bagay an ti tranch epi ou ka evite frè ak enterè **si ou peye yo ann antye epi alè**. Malerezman, ou ka depanse plis pase sa ou te prevwa depanse nan sitiasyon sa a. Depatman Pwoteksyon Konsomatè ak Travayè a (Department of Consumer and Worker Protection, DCWP) bay konsèy sa yo pou ede ou pwoteje lajan ou.

Panse anvan ou siyen.

Lè ou jwenn òf Achte Kounye a, Peye Apre yo, yo ka mete presyon sou ou pou ou pran yon desizyon rapid. Sepandan, pran yon ti tan anvan ou siyen. Reflechi sou bagay ou ap achte a. Reflechi tou pou ou konnen si prè a se pi bon fason pou ou achte l la. Li kapab pi bon pou kite tan pase anvan ou achte bagay la jiskaske ou ka ekonomize ase pou achte li lajan kontan.

Li sa ki ekri ak ti karaktè yo.

Prè “Achte Kounye a, Peye Apre” yo gen yon granvaryete peryòd peman, frè, ak to enterè. Kèk prè konn fè konprann yo pa gen okenn frè oswa enterè pou ou peye men lè ou anreta nan peman ou yo oswa ou pa peye ditou, yo fè ou peye plis toujou. Prè nan diferan konpayi souvan konn genyen orè peman ki diferan.

Verifye kondisyon pou retounen atik ou pral achte a.

Asire ou ke ou konprann kijan ranbousman, retou ak echanj yo fonksyone pou prè sa ou pral fè a. Konsomatè yo te deklare li konn difisil pou tounen pwodwi yo te achte gras ak prè “Achte Kounye, a Peye Apre” yo.

Fè yon bidjè avan ou achte.

Asire ou ke ou ap kapab peye dèt pou prè ou fè a alè. Lajan ou ap antre pandan peryòd prè a ta dwe kapab peye peman prè a ansanm ak bagay esansyèl tankou lojman, manje, ak transpò. Si revni ou varye chak semèn, li kapab pi bon pou ou ekonomize kantite ou ap bezwen pou ou achte pwodwi a lajan kontan. Sant Otonomi Finansyèl Vil New York yo ka ede ou prepare yon bidjè.

Konprann kijan prè “Achte Kounye a, Peye Apre” yo ka gen yon enpak sou nòt kredi ou.

Konpayi ki gen prè Achte Kounye a, Peye Apre yo pa souvan siyale peman yo bay biwo kredi prensipal yo. Peman an reta yo souvan diminye nòt kredi, epi peman ki fèt alè yo kapab pa janm ogmante nòt kredi yon moun. Si ou vle omante nòt kredi ou a, ou kapab vle chwazi yon lòt prè oswa kredi.

Mete limit sou kantite Prè “Achte Kounye a, Peye Apre” ou dwe yo.

Li ka difisil pou jere plizyè prè an menm tan paske yo kapab gen diferan orè peman ak diferan kondisyon prè. Evite antre nan plizyè prè “Achte Kounye a, Peye Apre” ou ap peye an menm tan. Si ou bezwen antre nan plizyè prè, pran prè nan menm konpayi a pou ou kapab kowòdone dat ak kondisyon peman yo. Asire w ou genyen rapèl nan mesaj tèks oswa imèl ki pral ede ou toujou fè peman ou yo alè.

Dezaktive opsyon peman otomatik la si ou pa vle yo pran lajan sou ou otomatik.

Anpil konpayi ki ofri prè “Achte Kounye a, Peye Apre” yo itilize yon sistèm peman otomatik pa defo. Si kont labank ou a otorize peman fèt menm lè kont ou rive a zewo, oswa si ou planifye fè peman alavans, peman otomatik yo kapab pa yon bon opsyon pou ou. Ou gen dwa legal pou ou kanpe peman otomatik yo. Si ou pa kapab kanpe peman otomatik yo, ou kapab voye yon lèt “revokasyon otorizasyon” bay konpayi oswa bank lan. Ale sou consumerfinance.gov pou ou jwenn plis enfòmasyon.

Chèche jwenn konsèy finansye gratis si ou bezwen èd.

Sant Otonomi Finansyèl Vil New York yo ofri konsèy finansye pwofesyonèl gratis nan telefòn oswa an pèsòn. Ale sou nyc.gov/TalkMoney oswa rele nan 311 pou pran yon randevou.